



ENTWODIKSYON

Konprann kijan pou w estratejik nan planifye komunikasyon w se baz pou w devlope tout lòt konpetans nan domèn komunikasyon. Rapèl sa yo ap ede w pou w pran desizyon ki byen kalkile e pou w kreye yon plan komunikasyon.

OBJEKTIF KOMINIKASYON ENPÒTAN

Premye Objektif Kominikasyon: Kisa premye objektif komunikasyon ou genyen an ye?

- Pou w reyisi nan zefò w ap fè pou w fè mesaj ou yo pase, ou dwe kòmanse fikse objektif ou yo. Yo se “rezon” w.
- Efò komunikasyon w ka fèt pou w pwovoke sipò oswa opozisyon pou yon règleman anpatikilye; fe pledwaye nan yon règleman; oswa mande lidè yo pou yo pran aksyon sou yon règleman. Pa egzanp: Mande yon gwo konpayi nan zòn nan pou l aplike nouvo règleman pou anplwaye l yo anrapò ak konje maladi.

Moman Enpòtan: Èske gen okazyon ki ijan oswa ki enpòtan ou ka pwofite pou w akonpli objektif ou yo?

- Moman enpòtan yo ka evènman enpòtan ou ka pwofite pou w reyalize objektif ou genyen an.
- An jeneral, yo se evènman ki ijan k ap gen enpak sou rezulta zefò w yo.

FÈ OBJEKTIF OU A VIN TOUNEN OBJEKTIF S.M.A.R.T.

Objektif S.M.A.R.T: Ki objektif ou? Èske se yon objektif ki S.M.A.R.T?

- Objektif S.M.A.R.T yo bay yon mwayen pou mete objektif ou yo nan yon kad k ap pèmèt yo pi fasil pou w reyalize yo.
- Objektif S.M.A.R.T yo se sekrè pou asire w objektif ou yo Presi, Ou ka Evalye yo, Ou ka reyalize yo, yo Rezonab epi ou gen yon Tan pou w reyalize yo.
- Objektif S.M.A.R.T yo pèmèt nou jwenn rezulta nou vle jwenn yo epi bay yon baz pou mezire siksè. Pi devan, nou pral dekouvri metòd pou mezire rezulta nou yo, ak pi bon kritè pou n evalye pwogrè yo.
 - ◆ Egzamp: Objektif Jeneral – “Mwen vle opinyon moun ki ka vote nan kominate m nan pase.”
 - ◆ Egzamp: Objektif S.M.A.R.T. – “Mwen vle anregistre 1,000 moun nwa ki ka vote [Presi e ki ka Evalye] nan kat rejon ki ozalantou yo [Ki ka reyalize e ki Rezonab] anvan eleksyon a [Gen yon tan pou w reyalize yo].”

KONPRANN PRENSIPAL MOUN OU VIZE YO

Kiyès premye moun ou vize yo ye?: Kiyès ou bezwen bò kote w?

- Idantifye moun ou sible yo se yon etap endispansab pou w reyalize objektif S.M.A.R.T ou a. Ou bezwen idantifye gwooup presi moun ou bezwen mesaj ou yo atenn nan epi yon seri aksyon presi ou vle yo poze yo.
- Lè w dirèk e w presi konsènan ki moun ou sible, sa pral ede w jwenn epi rive sou yo pi fasil. Sa pral ede w tou pou w kreye mwayen komunikasyon efikas pou w konvenk yo poze aksyon nan non w.

KREYE MESAJ OU AN

Mesaj Prensipal: Kisa w bezwen di moun ou vize yo?

- Yon mesaj solid se fondman efò w ap fè pou mesaj ou yo pase yo. Ou dwe ka dekri pwoblèm ki genyen an, nan ki sans li gen enpak sou moun, solisyon w ap chèche a, e ki fason moun ka jere epi patisipe nan chanjman an.

CHWAZI APWÒCH OU

Metòd ak Aktivite: Ki fòs òganizasyon w lan genyen ki ka ede w rive sou moun ou vize yo?

- Ki mwayen w gen nan men w? Èske gen yon moun nan ekip ou a ki se yon fò nan rezo sosyal ki ka ede w lanse kanpay ou a sou entènèt? Èske w gen bèl anrejistreman videoyo ou te fè pandan w t ap travay sou teren an ou ka itilize pou kreye yon piblisite videoyo?
- Reflechi sou tout kalite mwayen w ka itilize. Fè tèt ou travay!

KRITÈ POU EVALYE PWOGRE

Evalye Siksè: Ki kritè ou pral itilize pou w evalye siksè w?

- LKritè pou fè evalyasyon se yon etap enpòtan lè w ap kòmanse fè efò pou w fè mesaj ou pase. Kijan w ap fè konprann enpak ou genyen?
- Li enpòtan pou w pwosesis planifikasyon w lan dekri kritè ki defini siksè pou efò w ap fè pou mesaj ou a pase. Yo souvan rele sa yo KPI oswa "Kritè Pèfòmans Prensipal." Lè w tabli KPI yo bonè, sa ap ede w pa anreta nan pwogrè w - epi li enpòtan pou w evalsyé KPI sa yo pandan tout pwosesis la, se pa sèlman nan fen an.
- Egzanp KPI pou Mobilizasyon sou Entènèt:
 - ◆ Kantite siyati petisyon parapò ak objektif ou
 - ◆ Kantite nouvo non ki ajoute nan yon lis imel
 - ◆ Kantite videoyo ki fini
 - ◆ Kantite fwa moun pataj yon bagay ou poste sou rezo sosyal
 - ◆ Kantite vizit sou yon zouti "Fè Yon Plan pou w Vote"
 - ◆ Kantite demann entèvyou nan medya
 - ◆ Kantite telechajman resous bwat zouti an ou te devlope

- ◆ Kantite don
- ◆ Montan total don an dola